

Kesyon popilè sou swen enfimye / enfimyè 1:1 nan lekòl e CSN MH otorize

1. Kòman m ka resevwa sèvis pou yon manm MassHealth pandan I lekòl?

Premye etap pou w fè se pale avèk lekòl la sou sèvis enfimye / enfimyè nan lekòl la.

Se Depatman edikasyon elemantè e segondè (Department of Elementary and Secondary Education, DESE) ki sipèvize swen enfimye / enfimyè nan lekòl. Distrik eskolè gendwa tabli pwòp polis pa yo depi se nan kad règleman leta a e gouvènman federal la. Distrik eskolè dwe bay "edikasyon piblik gratis e apwopriye" (free appropriate public education, FAPE) pou chak moun ki gen yon andikap ki kalifye e ki nan jiridiksyon an, kèlkeswa ki sòt e ki gravte andikap moun lan. Sa obligatwa dapre lwa federal la. Founi yon FAPE gendwa gen ladan founi aksè nan yon sèvis enfimye / enfimyè nan lekòl la. Wè kondisyon DESE yo pou enfòmasyon siplemantè. Si w gen kesyon sou dwa ou yo an vèti lwa federal sou edikasyon, konsilte <https://www.doe.mass.edu/sped/parents.html>.

Yon manm gendwa pa an mezi jwenn sèvis enfimye / enfimyè pandan li nan lekòl la pou rezon ki site annapre la.

(1) pwogram edikasyon endividyalize (Individualized Education Program, IEP) manm lan pa gen swen enfimye / enfimyè ladan I ; oubyen

(2) IEP a founi swen enfimye / enfimyè men lekòl la pa gen pèsonèl nesesè pou sa.

Nan toulède sitiyastyon sa yo, fanmi a gendwa itilize èdtan pou swen enfimye / enfimyè konpetan (CSN) kontini ki otorize pou gen yon enfimye / enfimyè nan lekòl la. Sepandan, distrik eskolè a dwe dakò pou enfimye / enfimyè CSN lan founi sèvis bay manm lan nan lekòl la. Èdtan CSN ki disponib pou yon fanmi vini avèk yon enfimye / enfimyè nan lekòl la detèmine pa evalyasyon anyèl LTSS la, men se pa pa yon manm IEP a. Yon fanmi gen diskresyon pou l chwazi kantite èdtan soutyen enfimye / enfimyè ki itilize nan lekòl la. Si yon manm itilize plis èdtan nan lekòl la pase sa CCM te evalye pou yon jounen lekòl, l ap diminye kantite èdtan ki disponib andeyò lekòl la.

2. Kisa m dwe fè si lekòl pitit mwen an pa an mezi pou l ranpli pwogram enfimye / enfimyè 1:1 ki endike nan IEP pitit mwen an?

MassHealth e CCM pa sipèvize sèvis enfimye / enfimyè sistèm eskolè a founi e ki nan IEP a.

Si w gen enkyètman sou sèvis enfimye / enfimyè ki founi nan yon IEP, ou dwe pale sa avèk lekòl la oubyen avèk distrik eskolè a. Si w pa an mezi pou w rezoud pwoblèm avèk lekòl la oubyen avèk distrik eskolè a, ou ka kontakte biwo sistèm rezolisyon pwoblèm DESE a (Problem Resolution System, PRS).

Espesyalist biwo PRS la byen konnen diferan règ e règlemantasyon chak sistèm eskolè nan Massachusetts. Yon espesyalist PRS pral travay avèk ou e avèk lekòl la oubyen distrik eskolè a pou rezoud tout pwoblèm ki konsène yon IEP. Yo ka ede ba w repons tou pou tout kesyon ou gen sou responsablitè lekòl la oubyen distrik eskolè a sou sa ki konsène aksè fanmi w nan edikasyon.

Espesyalist PRS : (Note byen : Espesyalist PRS la inik nan chak lekòl oubyen chak distrik eskolè.)

<https://www.doe.mass.edu/prs/specialist.html>

Gid sou enfòmasyon pou pote plent :

<https://www.doe.mass.edu/prs/guide/>

Kesyon popilè sou swen enfimye / enfimyè 1:1 nan lekòl e CSN MH otorize

3. Èske manm e fanmi CCM ka chwazi itilize èdtan CSN MassHealth otorize pandan manm lan frekante lekòl la?

Fanmi ka chwazi kilè e kikote pou itilize èdtan CSN pa yo a, sa gen ladan nan lekòl la. Nou ankouraje fanmi yo pale sou chwa sa a avèk responsab klinik CCM pa yo a. MassHealth rekonèt itilizasyon èdtan CSN nan lekòl gen yon enpak sou kantite èdtan CSN ki disponib pou manm lan lè I pa nan lekòl la. Fanmi yo gendwa pa pi pito chwa sa a. MassHealth ankouraje fanmi yo pale sou chwa sa a avèk responsab klinik CCM pa yo a.

Kowoperasyon distrik eskolè a obligatwa si yon fanmi swete itilize èdtan CSN yo nan lekòl la. Si distrik eskolè a dakò pou pèmèt CSN nan lekòl la, èdtan CSN yo gendwa enkòpore nan IEP manm lan. Sa ap pèmèt satisfè responsablite lekòl la pou I founi swen enfimye / enfimyè. Si w itilize èdtan CSN nan lekòl la, ou gendwa vle mande distrik lekòl la kontinye chèche yon enfimye / enfimyè pou èdtan CSN sèlman itilize andeyò lekòl la.

4. Si lekòl la founi sèvis enfimye / enfimyè, èske sa ap gen yon enpak sou èdtan CSN mwen yo MassHealth apwouve?

Manm CCM jwenn otorizasyon pou kantite èdtan enfimye / enfimyè ki gen yon nesesite medikal lè pa gen okenn lòt sèvis enfimye / enfimyè ki disponib. Pou konprann lè sèvis enfimye / enfimyè ki disponib pou manm lan, CCM revwa tout sit swen yo, sa gen ladan sèvis ki founi nan yon pwogram edikasyon endividyalize (Individualized Education Program, IEP) lè manm lan nan lekòl la. CCM detèmine si gen yon repwodiksyon ant lòt sit swen e sèvis CSN MassHealth otorize.

Egzanp :

Yon manm ale lekòl senk jou pa semèn. Lekòl la founi yon enfimye / enfimyè 1.5 èdtan pa jou pou entèvansyon an vèti swen gastwo-entewoloji nan lekòl la, sa gen ladan alimantasyon nan sonn gastrik. Responsab klinik CCM lan pap otorize èdtan CSN pou sèvis sa a nan èdtan e jou sa yo nan lekòl la. Responsab klinik CCM lan ap otorize èdtan CSN pou sèvis sa a si sèvis la fèt anvan oubyen apre lekòl.

Otorizasyon sila ap site kantite èdtan CSN total ki otorize pa semèn pou semèn sa yo kote manm lan nan lekòl (mwens entèvansyon an doub ki dekri anwo a) e endike kantite total èdtan CSN ki otorize pa semèn pou semèn sa yo kote manm lan pa nan lekòl la (sètadi, jou konje, vakans eskolè, vakans dete). Se sa ki rele "èdtan nan lekòl" e "èdtan andeyò lekòl". Se pou w kontakte CCM si gen yon chanjman nan èdtan nan lekòl oubyen nan èdtan andeyò lekòl. Yo gendwa bezwen fè yon ajisteman.

5. Si m itilize nan lekòl la èdtan CSN mwen yo MassHealth apwouve, èske sa ap gen yon enpak sou kantite total èdtan CSN ki otorize?

Si w itilize nan lekòl la èdtan CSN MassHealth apwouve, e distrik eskolè a dakò, dosye sèvis CSN lan pap fè diferans lan ankò ant èdtan "nan lekòl" e èdtan "andeyò lekòl". Se pou w kolabore avèk CCM pou fè mizajou dosye sèvis CSN lan jan sa nesesè pou gen yon kantite èdtan pa semèn.

6. Kisa pou m fè pou m itilize èdtan CSN mwen yo MassHealth apwouve pou lane sila, men vle pou lekòl la founi sèvis enfimye / enfimyè bay manm lan lane pwochèn?

Fanmi gendwa pale sou koze sa a avèk lekòl la nan reyinyon anyèl IEP a. Chak lane, lekòl la gen pou fè mizajou IEP a. Y ap re-evalye manm lan pou sa ki konsène sèvis enfimye / enfimyè nan lekòl la nan kad bezwen medikal li.